QARAQALPAQSTAN RESPUBLİKASI
NO'KİS QALASI

HA'KİMİNİN ShESHİMİ

QORAQALPOG'İSTON RESPUBLİKASİ
NUKUS SHAHAR

HOKIMINING QARORİ

Dosnazarov ko'shesi 96- jay Tel: (361) 222-71-01

«10» 04 2018-жыл № 05/04-64 Нөкис қаласы

**Нөкис қаласы А.Досназаров-Орманбетбий көшеси И.Каримов көшесиниң кесилиспеси аралығында жол ҳәрекет қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Ишки ислер Министрлиги Жол ҳәрекети қәўипсизлиги басқармасының 2018-жыл 26-январь 11/6-181-санлы автотранспорт айдаўшыларының тезликти асырыўы нәтийжесинде велосипед айдаўшылар ҳәм пиядаларды қағып кетиў жағдайлары көплеп ушырасып, аўыр ақыбетли жол транспорт ҳәдийселери келип шығып атырғанлығы себепли, автотранспортлардың қәўипсиз ҳәрекетлениўин тәмийинлеў мақсетинде, жол белгисин орнатыў ҳаққындағы усынысын қарап шығып, Өзбекстан Республикасының «Жол ҳәрекети қәўипсизлиги ҳаққында»ғы Нызамы («Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами», 2013 йил 15 апрел, 15-сон, 197-модда)ның 7-статьясына, Өзбекстан Республикасы «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамының 25-статьясына тийкарланып

**Ш Е Ш И М Е Т Е Д И :**

1. Нөкис қаласы А.Досназаров-Орманбетбий көшеси И.Каримов көшесиниң кесилиспеси аралығына, жол белгиси топарына кириўши 3.27 «Тоқтаў қадаған» жол белгиси орнатылсын.

2. Жол белгисин белгиленген тәртипте орнатыў, Нөкис қалалық ишки ислер бөлими (Г.Аметов)не тапсырылсын.

3. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў Нөкис қаласы ҳәкиминиң орынбасары И.Отегеновқа жүкленсин.

4. Бул шешим қалалық «Нөкис ҳақыйқаты» газетасында рәсмий жәриялансын ҳәм ҳәкимлик рәсмий веб-сайтына жайластырылсын.

5. Бул шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

**Ҳәким ў.ў.а:** **П.Турешев**